



TES DYAGNOSTIK

IIREYÖL

| | | |
|---|------------|---------------|
| Siyati: | Non: | |
| Seks::... | Laj: | Dyosè z:..... |
| Denye klas ou fe :Etid pwofesyonel..... | | |
| Non lekòl kote wap travay Ia: | | |
| Klas :..... | Dat :..... | |

Konsiy: repomz direktman sou fly Ia

Tan: 1è

An Ayiti, mango se yon relijyon. Tout klas moun nan peyi a manje li. Vakans andeyo pa t'ap gen okenn entere san larivye, san mango. Men pou nou gen larivye, fok nou plante pyebwa nan mon yo. Pou nou kontinye gen mango, fok nou plante lot pye mango, paske, kounye a, an Ayiti, gen anpil pye mango ki fin granmoun. Nou dwe plante lot jen pye mango pou ranplase sa ki granmoun yo...

Mango se yon fwi yo manje konsa **li** mi. Men yo konn manje li vet tou. Mango vet la konn sevi pou fe pikliz, e yo ka kwit li. **yo** konn fe konfite, pire, vineg oubyen like ak mango. Yo konn sevi ak mango nan dese. Yo fe ji, krem ak li. Yo konn prepare mango seche. Teknik sa a pemet yo konseve mango a pi lontan.

Nalman ki anndan grenn mango a se bon manje pou bet, espesyalman kochon. Kern manje, nruman mango a gen menm vale ak diri. Moun ka mrulje li lo. li bouyi oubyen seche, **li** bay yon bon farin e yo menm jwenn gres ladan li. Che mrulgo

a, li sevi tou pou mrulje kochon. Se poutet sa, anyen pa pedi nan mango. Moun mrulje che a, kochon l'tiallje tout res la.

Fey yo kmm sevi pou mrulje beftou. Yo gen ant 8 al 9% pwotein e yo gen rulpil kalsyom. Po mango a ki se maqje kochon tou, yo jwenn ladan li yon pwodui yo rele pektin.

Bwa mango a, menm si li pa two bon kalite, yo sevi ak li pou fe rulpil bagay. Yo siye li pou fe planch. Li bay chabon ak bwa pou boule.

Mango se yon plant ki bay yon bon siwomyei. Tout moun komlen mango se yon bel pyebwa e lo li bo kay, li bay bonjan lonbray. (Veye selmrul lo mango yo ap mi pou yo pa tonbe sou tet nou).

Nou dwe konnen sezon mango a bay chak ane ant 400 al 500 mil moun travay an Ayiti. Espotasyon mango konn rapote peyi a rult 8 al 10 milyon dola vet pou yon ane.

Kesyon

1. Ansekle repons ki bon an (2 pwen).
m ks ou sot li a, se yon teks ki :

- A. Rakonte yon istwa.
- B. Bay yon enfomasyon.
- C. Fe yon deskripsyon.
- D. Yon resi imajine.

2. Eksplike mo ki souliye nan teks.la (8 pwen).

.....
.....
.....
.....
.....

3. Fe yon fraz ak lekontre mo sa yo dapre sans yo gen nan teks la (6 pwen):
nart-vet (mango) – espotasyon .

.....
.....

4. Mete fraz sa yo nan estil direk (4 pwen).

a) Msye vie fê m' konprann vakans andeyo pa t'ap gen cham san larivye, san mango.

.....

b) Moun ki ekri teks la di nou pou nou plante jen pye mango pou nou ranplase sa k' komanse granmoun yo.

.....

5. Mete fraz sa yo nan estil endirek (4 pwen).

a) Jan dim' : "Ou ka pran nan dese sa a; li bon, se ak mango yore 1'."

b) Jan di : "Ou gen le pa konn nan mango pa gen anyen ki pa itil?"

6. *Jwe lIn kesyon ki koresponn a repolIs sa yo (4 pwen).*

a) Befmwew yo toujou anfon paske m' ba yo manje rey mango detanzantan.

.....

b) Espotasyon mango konn rapote peyi a ant 8 al 10 milyon dola vet pou yon ane.

.....

7. *Chanje fraz sa yo an fraz deklare non (4 pwe l1).*

a) Nou dwe konnen sezon mango a bay chak ane ant 400 al 500 mil moun travay an Ayiti.

.....

b) Tout moun konnen mango se yon bel pyebwa.

.....

8. *Reprann fraz sa yo pou ou korije mo ki mal ekri nan yo (12 pwen).*

a) Ou pa bezwen desespere ak timoun yo, re yon bon plantasyon mango nan te ou a, l'a rapote ou anpil.

.....

.....

b) Bonjour manmi; m'vinn cheche mango m'te kite nan depo ou la le machin mwen te pran pann yea.

.....

.....

9. *Reponn kesyon sa yo nan yon set fraz, dapre sa teks la di (4 pwen).*

a) Poukisa yo di nan teks la : mango se yon relijyon ?

.....

b) Pye mango bay bonjan lonbray; anmenmtan li reprezante yon danje. Poukisa?

10. *Mete lis mo sa yo nan lod alfabetik (10 pwen).*

Mango, manje, manti, malelve, mangouza, malere, machin, maji, malet, madanm, malfini, malveyan, manch, manivet, male.

.....

11. Pou chak de (2) fraz senp sa yo, **fe** yon fraz kompleks ki genyen yon pwonon relatif (4 pwen):

a) Direkte a mete elev la ajenou. Elev sa a ap fe anpil dezod :

b) Ti fre m' nan pedi liv la. Manman m' rek achte liv la pou li.

12- Ankadre predika ki nan chak fraz sa yo (10 pwen):

a) Mari **fi** a jalou anpil.

b) Papa Roni direkte ladwann

c) Polin nan lakou a.

d) Lola ap d6mi depi mateo

e) Pol ansanm ak Mona ap travay matematik

13. Jwenn gwoup pilye ki ka ale avek gwoup yo ba ou a pou ou konpletefraz sa a (2 pwen)

Avanye , mwen.....

A) Ap manje mango

B) T'ap manje mango

C) Ta manje mango

D) Pral manje mango

14. Jwe lIn ki fraz ki se yon fraz senp (2 pwen)

A) Li mache anpil ak papa l'anvan yo rive

B) Li mache anpil ak papa depi li soti a

C) **Li** mache anpil ak papa l' nan tout katye a

D) Li mache anpil ak papa l' jis yo bouke

15. EKRI (20 pwen)

Ekri yon teks 10-12 liy pou di ki fwi ou pi renmen epi pou ki sa ou pi renmen I.

